# EXERCISES

## EXERCISE 1: Identifying the Characters

1. Nan la Usman mel?
2. Yan yere la Usman sol?
3. Fan la Binta toog?
4. Yan yere la Binta sol?
5. Nan la Binta def loxoom ba muy jooy?
6. Fan la waxtaan wi ame?
7. Yan yere la Aysatu sol?
8. Kañ la Aysatu ñów ?
9. Ñaata nit ñoo nekk ci waxtaan wi?
10. Lan la Binta def ba Usman demee ?

## EXERCISE 2: Reading Comprehension: Choose the right answer between A, B and C

1. **Ban xibaar la Usman wax Binta?**

   **A:** Boobu maa ngi ci yoon wi

   **B:** Sama nijaay dafa ma may soxna

   **C:** Sama nijaay dafa ma woo sànq

2. **Lan la Binta def Usman bi mu ko waxe xibaar bi?**

   **A:** Dafa ko tiital

   **B:** Dafa ko dàq

   **C:** Dafa ko yàq

3. **Lan la Binta wax Usman?**

   **A :** Yaa yéés

   **B :** Yaa baax

   **C :** Yaa ragal

4. **Lan la Binta def ba Usman demee ?**

© Boston University

**A:** Dafa woo Usman

**B:** Dafa jooy

**C:** Dafa woo Aysatu

5. **Lan la Aysatu wax Binta?**

**A:** Usman dafa tàkk jabar

**B:** Yaa ñàkk fayida

**C :** Yaa bon

**EXERCISE 3: Matching. Match the expressions in column A with their equivalent or corresponding phrase in column B**

| **<u>Column A</u>** | **<u>Column B</u>** |
|---|---|
| 1. *Ça va bien*. | a) Dafa am xibaar bu bees |
| 2. Dafa am lu xew | b) Fu nit *tourner* gis la! |
| 3. Gënalu ma | c) Bëgguma keneen wax la ko |
| 4. Maay bañ tam it nga dégg ko feneen | d) Dafa ma may jabar |
| 5. Dafa ma may soxna | e) Yaa rusloo say mbokk |
| 6. Yaa ñàkk jom | f) Su ma sañoon du demee noonu |
| 8. Nga daas sa tank rekk ne ayca! | g) Sant Yàlla bu baax sax |

**EXERCISE 4: Fill in the blank by using words from the glossary**

Yaay dafa _______________ Njaga _______________ ne ko bu _______________ mu wuyuji nijaayam. Bi mu demee ci nijaayam, kooku xamal ko ne dafa koy may _______________.

Waaye Njaga li muy xalaat mooy_______________ lay waxe xibaar bu _______________ boobu coroom Nafi. Ndax bu _______________ moom lay _______________.

Bu Njaga _______________ kër Nafi, dafa toog rekk noppi. Dafa _______________ wax Nafi dëgg bi _______________ mu _______________ seen diggante.

**EXERCISE 5: Ask questions corresponding to the underlined words.**

Misaal: Binta dafa woo Usman ndax dafa koo nàmm**.**

Kan moo woo Usman ndax dafa koo nàmm? (Binta)

Lan la Binta def ndax moo nàmm Usman? (Woo na ko)

Kan la Binta woo ndax dafa koo nàmm? (Usman la woo)

Lu tax Binta dafa woo Usman? (Ndax dafa koo nàmm)

1. Usman dafa xamal Binta ne nijaayam moo ko may jabar.

2. Binta dafa dàq Usman bi mu ko waxee xibaar bu naqare bi.

3. Aysatu nee na Binta mënoon na sóór bés bi, ndax xam na ne Usman jigéén yuy toog seen peggi ndey lay tàkki.

**EXERCISE 6**: **Listening comprehension.** Listen to the conversation and answer these questions.

1. Lan la waxtaan wi tënk?
2. Lan la Usman yégal Binta?
3. Lan la Binta def Usman bi mu ko waxee lu xew?
4. Lu tax Binta ne Usman “mënuloo ma def lii waay”?
5. Lu tax Binta ne Usman dafa bon te yéés?
6. Kan moo may Usman jabar?
7. Kan la nijaay ji may Usman?
8. Lu tax Aysatu ne Binta dafa ñàkk fayida?
9. Lu tax Aysatu ne Binta “ku topp sa bànneex, góób sa naqar”?
10. Lu tax Binta ne “su ma bonee, Usman moo ma yàq”?

**EXERCISE 7: Replace these phrases with their counterparts in Wolof bu Xóót.**

1. Danga ka *sentir* xanaa? ____________________
2. Naka *journée* bi? ____________________
3. Damay ñów génnaat *rapidement*? ____________________
4. Nu mu gën a gaawee ma ñów *expliquer* la ko...
   ____________________
5. *C'est que* sama nijaay dafa ma may jabar.
   ____________________
6. Ma di ci am *tort quoi*. ____________________
7. Mais du tàkk ñoo xamante ne foo *tourner* gis leen.
   ____________________
8. Damay *happy*! ____________________
9. Damay *fly-to-fly*! ____________________
10. *Mariage*-am neexoon na lool, kaar! ____________________

**EXERCISE 8: Ask questions to these answers.**

1. Waaw, Usman ñów na kër Binta.
2. Déédéét, Usman tàkkul jabar.
3. Waaw, Usman dafa ñów *expliquer* Binta lu xew.

4. Déédéét, gënalul Usman.
5. Waaw, Usman jaam la.
6. Déédéét, lii mënul a nekk.
7. Waaw, Ndey Binta dafa tiital Aysatu.
8. Déédéét, nijaayu Usman feeñul ci waxtaan wi.
9. Waaw, doomu nijaayam lañu ko may.
10. Déédéét, Aysatu xamul woon ne Binta mbirum Usman lay jooy.

**EXERCISE 9: Summarize the dialogue in your own words.**

**EXERCISE 10: Role play:** Rehearse and perform the skit using Urban Wolof, Lebu Wolof or Wolof bu Xóót. Be mindful to reflect the local culture, gestures and other kinesic aspects of language.